# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ТОПОНИМИЯСЫНДА УШЫРАСАТУҒЫН ГИДРОНИМИКАЛЫҚ ИНДИКАТОРЛАР

***Садыллаева Х.И.***
*Бердақ атындағы ҚМУдың 2-курс магистранты*

**Таянч сўзлар:** гидронимик индикатор, ойконим, географик атама, топономика.
**Ключевые слова:** гидронимический показатель, ойконим, географический термин, топономика.
**Key words:** hydronymic indicator, oikonym, geographical term, toponymy.

Географиялық атамалардың қурамында қатнасып, сол объектти билдиретуғын индикатор сөзлер Қарақалпақстан топонимиясында әҳмийетли орын тутады. Олар дәслеп топонимниң мәнисин белгилеўде гилт ўазыйпасын атқарады. Буннан басқа индикаторлар географиялық объект ҳаққында мағлыўмат бериў қәбилетине ийе.

Топонимикалық индикаторлар жергиликли географиялық терминлердиң белгили бир бөлими, яғный топономикалық системада қатнасатуғын топары болып табылады. Жергиликли географиялық терминлердиң белгили бир бөлегин қурайтуғын топономикалық индикаторлар да семантикалық өзгешеликлерге қарай ҳәр түрли болады.

*Атаў* индикаторы. Қарақалпақ тилинде *атаў* дегенде, теңиз, үлкен көллердиң ортасындағы бийик жер, яғный қурғақлық түсиниледи. Қарақалпақстанда атаў индикаторы қатнасында: *Бозатаў, Қулатаў, Ержанатаў* атаўлары жасалған.

Дәрья сөзи Орта Азия халықлары тилинде, тийкарынан, "дәрья", "үлкен суў жолы" мәнисинде қолланылады. Бул сөз түркий тиллерге иран тиллеринен өзлескен болып, дәслеп "теңиз" дегенди, соңынан "ағын суў", яғный "дәрья" мәнисин аңлатқан.

Қарақалпақстанда дәрья индикаторының қатнасында жасалған гидронимлер көп емес: *Жаңадәрья* (Тахтакөпир районында аўыл, көл), *Көкдәрья* (Қоңырат районында жап), *Өлидәрья* (Шоманайда районында дәрья), *Еркиндәрья* (Бозатаў районында жап, аўыл), *Көкдәрья* (Әмиўдәрья ҳәм

Қоңырат аўыллар), *Ақдәрья, Қыпшақдәрья, Қазақдәрья* (Мойнақ районында елатлы орынлар).

*Дәрья* индикаторы Тәжикстан, Өзбекстан, Түркменстан, Азербайжан, Иран ҳәм Болгария, Қытайдың Синьцзян районында, сондай-ақ, Афғанстан ҳәм Пакистан аймақларында ойконимлердиң қурамында кең қолланылады.

Жап суўғарыў тараўларының бир түри болып, көлеми жағынан салмадан үлкен, ал канал ҳәм арнадан киши болады.

*Жап* индикаторы Қарақалпақстан гидронимлериниң жасалыўында өнимли қолланылады ҳәм аймақтағы көплеген жап атамаларының қурамында ушырасады.*Тасжап, Бозжап, Таржап* (Әмиўдәрья районы), *Жалпақжап, Бозжап* (Кегейли районы), *Сейтекжап* (Қараөзек районы), *Абатжап, Әлимжап, Бақалыжап, Майжа, Сазанжап, Тазажап, Таллыжап, Ақжап, Бегжап* (Шоманай районы), *Қосжап* (Қанлыкөл, Шоманай районлары), *Байжап, Шалыжап* (Хожели районы), *Жаңажап, Ханжап,* (Қоңырат, Хожели районлары), *Ықласжап* (Қоңырат районы), *Тазабағжап, Бойжап* (Тахтакөпир районы), *Тағжап* ( Шымбай районы)т.б.

Жап индикаторы иран тиллериндеги "суў" мәнисин аңлататуғын *аб (об)* сөзине ж сесиниң қосылыўынан жасалған.

Көл сөзи ақпайтуғын суў объектин билдиреди. Көл қурғақлықтағы шуқырлық болып, ой жерлерге аўысық суўлардың жыйналыўынан ямаса жақын-шашын суўларының топланыўынан пайда болады. Көл индикаторы Қарақалпақстандағы көл атамаларының қурамында ушырасады: *Сасыққөл, Тышқаққөл, Шапаққөл* (Кегейли районы), *Ақкөл, Алтынкөл, Қамыскөл, Машанкөл, Сабанкөл, Сарыкөл* (Қоңырат районы), *Қутанкөл, Тақыркөл, Шоркөл, Аққумкөл* (Мойнақ районы), *Қоңыраткөл, Ақкөл, Қуўлыкөл, Мақпалкөл, Пишенкөл* (Тахтакөпир районы), *Сарманбайкөл, Шомаққөл* (Шоманай районы), *Айдынкөл, Найманкөл* (Хожели районы), *Ақшакөл* (Елликқала районы), *Найманкөл, Сарайкөл* (Хожели районы) ҳәм т.б.

Бурынлары Әмиўдәрьяның суўы тасып, сан-санақсыз майда-майда көллерди пайда еткен. Майда көллерди есапқа алмағанда, Қарақалпақстан Республикасы аймағында 150ден артық көл болған . Көплеген көллер ҳәм ески аңғарлардың суўы қурып, олардың орны тегисликке ямаса елатлы орынларға айланған, айырымлары ҳәзирге шекем сақланып қалған. Сонлықтан, көл гидронимикалық индикаторының қатнасында жасалған гидронимикалық атамалар көплеп ушырасады: *Айтымкөл, Қопаққөл* (Кегейли районы), *Алтынкөл* (Қанлыкөл, Қоңырат районлары), *Қанлыкөл, Табанкөл* (Қанлыкөл районы), *Узынкөл* (Нөкис районы), *Қаракөл* (Қараөзек, Хожели районлары), *Машанкөл* (Қоңырат районы), *Қуўлыкөл* (Қанлыкөл районы) *Атакөл, Мақпалкөл, Пишенкөл* (Тахтакөпир районы), *Сарыкөл* (Тахтакөпир, Хожели районлары), *Арпакөл, Гүжимликөл, Қаттыкөл, Шомаққөл* (Шоманай районы), *Найманкөл, Саманкөл* (Хожели районы) ҳәм т.б.

Ой индикаторы гидронимлердиң қурамында келгенде, "суў топланып қалған шуқыр", "ой жер" мәнисин билдиреди. Суў топланып қалған қалдық суўлар ямаса ески көлдиң асты (көбинесе суўсыз болады) *ой* деп аталады. Айырым жағдайларда көллер де «ой» деген түсиникти билдиреди: *Сарыой* (Қанлыкөл районында көл).

Ой сөзи оронимикалық индикатор сыпатында да қолланылады. Мысалы, Кегейли районында Бегдуллаой, Шоманай районы аймағында *Нәдирой* оронимлери қурамындағы *ой* сөзи «жер бетиниң тегисликтен ямаса әтираптағы жерден пәс, ой жер» дегенди билдиреди.

Қарақалпақстанда *ой* индикаторының қатнасында жасалған гидронимикалық атамалар көплеп ушырасады: *Дәўлетой* (Қараөзек районы), *Қараой* (Кегейли, Тахтакөпир, Шоманай районлары), *Қоразой, Мамытой* (Қанлыкөл районы), *Мамырой* (Тахтакөпир районы), *Кендирлиой, Қумой, Тәженой* (Шоманай районы), *Пилләной* (Тақыятас районы), *Тубаой* (Кегейли районы).

Өзек сөзи қарақалпақ тилинде "дәрьяның шақапшасы, тармағы" деген мәнини билдиреди. Бурын Әмиўдәрьяның Тикөзек, Қараөзек, Қызылөзек, Көкөзек деген тармақлары болған. Ҳәзирги ўақытта өзек индикаторы *Қызылөзек* (Шымбай районы), *Киндикөзек* (Қанлыкөл районы), *Көкөзек* (Кегейли, Қараөзек районлары), *Майлыөзек, Мамыөзек, Тикөзек* (Шоманай районы) сыяқлы гидронимлердиң қурамында "киши дәрья" ямаса "дәрьяның тармағы" мәнисин аңлатады.

Қарақалпақстан аймағында өзек индикаторлы ойконимлер көплеп ушырасады: *Балкеөзек, Порханөзек* (Тахтакөпир районы), *Қараөзек, Қырықөзек* (Әмиўдәрья районы), *Майлыөзек* (Шоманай районы), *Қызылөзек* (Шымбай районы), *Қараөзек, Есимөзек* (Қараөзек районы), *Тикөзек, Томарлыөзек, Үшөзек* (Мойнақ районы), *Киндикөзек* (Қанлыкөл районы).

Сай сөзи "дәрья аңғары, киши дәрья, онша үлкен болмаған суў жолы", "өзек" деген мәнини билдиреди: *Жарықсай, Көксуўсай, Қамышлысай, Орыссай* (Тахтакөпир районы) ҳәм т.б.

Сай сөзи ески түркий тилинде "таслы жер" мәнисин аңлатқан. Ҳәзирги ўақытта ол гидронимлердиң қурамында келгенде, "дәрья", "дәрья тармағы" мәнисин билдиреди: *Жарықсай, Көксуўсай, Қамышлысай, Орыссай* (Тахтакөпир районы). Айырым гидронимлердиң қурамында "ески аңғар", "суўы қурыған өзек", "дәрьяның бурынғы ағып өткен жолы" мәнилерин де аңлатады: *Қараның сайы, Сарының сайы* (Қоңырат районында ески сайлардың орны).

Қарақалпақстандағы *Даўытсай* (Тахтакөпир районы), *Алтынсай* (Беруний районы), *Тереңсай* (Хожели районы), *Үшсай* (Мойнақ районы) сол орынларда бар болған ески сайлардың атамалары болып табылады.

Сай индикаторының тарқалыў өриси бир қанша кең ҳәм оның жәрдеминде жасалған ойконимлер Кавказ, Орта Азия, Қазақстан, Алтай үлкеси, Якутия, Азербайжан, Түркия ҳәм Иран аймақларында көп ушырасады .

Г. И. Донидзе *суў* сөзиниң тек гидронимлердиң қурамында емес, ал қоспа гидронимикалық терминлердиң де бир сыңары болып келетуғынын көрсеткен: *ақсуў* "дәрья", "таўлардан басланатуғын киши дәрья", "ағын суў"; *қарасуў* "булақ", "сағасы булақлардан басланатуғын киши дәрья".

Қарақалпақстан топонимлери арасында суў сыңарлы гидронимлер де, ойконимлер де саны жағынан көп емес. Мәселен, төрт орында Көксуў аўылы (Бозатаў, Нөкис, Хожели, Шоманай, Шымбай районлары) ҳәм бир орында *Бозсуў* (Әмиўдәрья районы) деп аталған аўыл бар.

*Суў* сөзиниң тарқалыў өриси жүдә үлкен. Е. М. Поспелов оның Орайлық Азияда тарқалыў өрисин картада көрсеткен. Автор түркийше *суў* сөзи менен корея тилиндеги су, қытай тилиндеги *суй, шуй*, тибет тилиндеги чу сөзлери генетикалық жақтан байланысы бар деп қараған .

Жуўмақлап айтқанда, қарақалпақ тилиндеги гидронимикалық индикаторлардың жергиликли ойконимлер қурамында қолланылыў дәрежеси бирдей емес. Олардың айырымлары (*көл, жап, өзек*) көп ушырасады, ал басқалары (*бөгет, жылға, қудық* т.б.) жүдә сийрек ушырасады.

**Әдебиятлар:**

1. Поспелов Е.М. Гидронимические ареалы Центральной Азии. // Ономастика Востока. М.: Наука, 1980.

2. Мурзаев Э.М. Центральноазиатские топонимические миниатюры. // Топонимика Востока. Новые исследования. М.: Наука, 1964.

3. Мурзаев Э.М. Словарь народных географических терминов. М.: Мысль, 1984.

4. Қораев С. Ўзбекистон вилоятлари топонимлари. –Тошкент: Ўзбекистон миллий энциклопедияси, 2005.

5. Мурзаев Э.М. Словарь народных географических терминов. М.: Мысль, 1984.

6. Поспелов Е.М. Гидронимические ареалы Центральной Азии. // Ономастика Востока. М.: Наука, 1980.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада Қорақалпоғистон топонимияси таркибида учрайдиган гидронимик индикаторлар ҳақида сўз этилади. Гидронимик индикаторларга: арна, ариқ, буғоз, дамба, дарё, соҳил, канал, жар, сел, сой, кўл, кўприк, қозон, қоқи, кудуқ, пастлик, сув, теранлик.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье говорится о гидронимических показателях, встречающихся в топонимии Каракалпакстана. К гидронимическим показателям относятся: арна, ров, пролив, плотина, река, берег, канал, ущелье, наводнение, ручей, пепел, мост, котелок, пруд, колодец, впадина, вода, глубина.

**SUMMARY**

This article discusses the hydronymic indicators found in the toponymy of Karakalpakstan. The hydronymic indicators include: arna, ditch, strait, dam, river, bank, channel, gorge, flood, stream, ash, bridge, pot, pond, well, depression, water, depth.